

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Nurutkeun Litchman (dina Suwarsono, 2016) pamarekan kualitatif nyaéta hiji cara pikeun mikanyaho hiji hal ku cara panalungtik ngumpulkeun, ngaorganisasikeun, jeung ngainterpretasi informasi nu kacangking ti jalma séjén ku cara ngagunakeun mata atawa ceuli salaku panyaringna. Nurutkeun Bogdan jeung Taylor (dina Saifudin, 2012), kualitatif nyaéta prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data deskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina paripolah jalma. Ari métode deskriptif nurutkeun Sugiyono (dina Lestari, 2015) nyaéta métode nu fungsina pikeun ngadéskripsikeun atawa méré gambaran ngeunaan objek nu ditalungtik ngaliwatan data atawa sampel nu geus kakumpul.

Pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun data basa anu mangrupa kedaling pragmatik tina ragam basa tinulis, nyaéta karya sastra. Anu dipilih dina ieu panalungtikan pikeun dijadikeun sumber data nyaéta karya sastra anu wangunna novel anu judulna *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M. Ieu kedaling pragmatik téh bakal dianalisis tina jihat wujud, wanda, jeung fungsina.

Dumasar kana pamarekan kualitatif jeung metode deskriptif, galur kagiatan dina ieu panalungtikan didesain saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa kedaling atawa wangun basa nu dipaké panyatur pikeun nepikeun gagasan, atawa pikiranna boh éta frasa, klausa, atawa paragraf, nu aya dina novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M nu medal dina taun 2006 ku Kiblat Buku Utama. Ukuran novél *Béntang Pasantrén* nyaéta 20,4 cm x 14,5 cm nu kandelna 70 kaca nu ngawengku 6 subjudul, nyaéta (1) *Hiji*, (2) *Dua*, (3) *Tilu*, (4) *Opat*, (5) *Lima*, jeung (6) *Genep*.

Dina ieu novel dicaritakeun kahirupan santri di pasantrén atawa kobong anu kawilang basajan jauh ti kota. Eusi carita tina ieu novel nyaritakeun kumaha Aép salasihiji santri di éta pasantrén kairut ku salasihiji santri awéwé nu ngaranna Imas. Imas téh lain awéwé biasa, Imas téh anak ajengan nu boga éta pasantrén.

Tangtuna waé lain Aép hungkul nu bogoh ka Imas téh, loba santri kahot séjénna anu sarua ogé hayang meunangkeun haté Imas.

Salian ti nyaritakeun perjoangan Aép meunangkeun haté Imas, dina ieu novél ogé dicaritakeun kumaha budaya jeung tradisi di jero pasantrén nu pinuh ku ajén kakulawargaan nu diuwuhan ku basa-basa atawa istilah has pasantrén.

Novel *Béntang Pasantrén* karya Usép romli H.M mangrupa salasahiji novel nu geus diidinan pikeun dipaké di sakola, boh pikeun budak SD/MI, SMP/MTs, atawa SMA/SMK/MA, dumasar kana Surat Keputusan Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat Nomor: 819/27 496-Set.Disdik, tanggal 31 Desember 2013.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téknik studi pustaka nyaéta téknik ngumpulkeun informasi jeung data ku cara néangan sababaraha matérial nu aya di perpustakaan, saperti dokumén, buku, catetan, majalah, jsté, (Mardalis dina Mirzaqon T & Purwoko, 2018).

Ari nurutkeun Zaim (2014), studi pustaka nyaéta téknik ngagunakeun sumber-sumber tinulis pikeun meunangkeun data. Sumber-sumber tinulisna bisa mangrupa majalah, surat kabar, karya sastra, peraturan perundang-undangan, jrrd.

Dina ieu panalungtikan, téknik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data wangun kalimah anu ngandung kedaling pragmatik nu aya dina novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M. Dina prak-prakanana aya léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téknik studi pustaka ébréh saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data. Dina ieu panalungtikan sumber data nu digunakeunana nyaéta novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.
- b. Maca novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M kalawan taliti.
- c. Milih jeung nyirian kalimah atawa wacana nu aya dina novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M nu ngandung kedaling pragmatik.
- d. Nyalin kalimah nu ngandung kedaling pragmatik nu kapanggih dina novel kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Nasution (2016) yén instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun, ngolah, nganalisa, jeung maparkeun data kalawan sistematis sarta objéktif pikeun ngungkulan masalah atawa nguji hipotésis. Jadi, sakabéh alat nu bisa ngarojong kana panalungtikan bisa disebut instrumén panalungtikan atawa instrumén ngumpulkeun data. Dina instrumén panalungtikan réa wandana, saperti kuisisioner, formulir obsérvasi atawa formulir-formulir séjén nu aya patalina jeung data nu rék ditalungtik.

Ari dina ieu panalungtikan digunakeun kartu data salaku instrumén panalungtikanana. Hal-hal nu aya dina kartu data ngawengku judul buku, bagian novel, kaca buku, cutatan dialog tokoh, wujud kedaling pragmatik, wanda jeung fungsi kedaling pragmatik dina novél *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M. Sangkan leuwih jéntré, ébréh dina gambar ieu di handap.

Tabél 3.1 Conto Kartu Data

Kalimah N
<p>“Sumpah, Ep! Moal, moal nyalahan moadél basa éta. Yakin ieu mah harita gé lain ana ngabohong”. Tapi Imas bolay indit. Sajungjungun pisan, geus sayagi jingjingan nanaon. Ngan dadak-dadakan dipiwarang ku Nyaina, nyambungan ka nu hajat”.</p> <p style="text-align: right;">(BP/1/6/3)</p>

Keterangan:

- N : Abjad awal kalimah
- BP : Béntang Pasantrén
- 1 : Bagian novel
- 6 : Kaca novel
- 3 : Paragraf

Dumasar kana conto kartu data di luhur, satuluyna disusun format analisis datana, saperti ieu di handap.

Tabél 3.2 Data Kedaling Pragmatik

Nomer Data	Kalimah
(002)	<p>“Sumpah, Ep! Moal, moal nyalahan moadél basa éta. Yakin ieu mah harita gé lain ana ngabohong”. Tapi Imas bolay indit. Sajungjungun pisan, geus sayagi jingjingan nanaon. Ngan dadak-dadakan dipiwarang ku Nyaina, nyambungan ka nu hajat”. (BP/1/6/3)</p>

Keterangan:

- (002) : Nomer data
 BP : Béntang Pasantrén
 1 : Bagian Novel
 6 : Kaca Novel
 3 : Paragraf

Tabél 3.3 Papasingan Wujud Kedaling Pragmatik

No Data	Kalimah	Wujud Kedaling Pragmatik			
		1A	1B	1C	1D
(002)	“Sumpah, Ep! Moal, moal nyalahan moadél basa éta. Yakin ieu mah harita gé lain ana ngabohong. Tapi Imas bolay indit. Sajungjungeun pisan, geus sayagi jingjingan nanaon. Ngan dadak-dadakan dipiwarang ku Nyaina, nyambungan ka nu hajat”. (BP/1/6/3)	✓			

Keterangan:

- BP : Béntang Pasantrén
 1 : Bagian Novel
 6 : Kaca Novel
 3 : Paragraf
 1A : Aspék Kedaling Pragmatik Déklaratif
 1B : Aspék Kedaling Pragmatik Intérogatif
 1C : Aspék Kedaling Pragmatik Imperatif
 1D : Aspék Kedaling Pragmatik Aklamatif

Tina conto data omongan di luhur, data omongan (002) nurutkeun kana wujudna kaasup kana wujud wawaran ‘iber’ sabab tina maksud jeung eusi omonganna aya hal-hal nu baris ditepikeun. Omongan (002) dikedalkeun Padil nu eusina méré nyaho atawa iber alesan Imas harita bolay indit.

Tabél 3.4 Papasingan Wanda Aspék Kedaling Pragmatik

No Data	Kalimah	Wanda Kedaling Pragmatik					
		2A	2B	2C	2D	2E	2F
(002)	“Sumpah, Ep! Moal, moal nyalahan modél basa éta. Yakin ieu mah harita gé lain ana ngabohong. Tapi Imas bolay indit. Sajungjungeun pisan, geus sayagi jingjingan nanaon. Ngan dadak-dadakan dipiwarang ku Nyaina, nyambungan ka nu hajat”. (BP/1/6/3)				✓		

Keterangan:

- BP : Béntang Pasantrén
 1 : Bagian Novel
 6 : Kaca Novel
 3 : Paragraf
 2A : Aspék Sosialisasi
 2B : Aspék Sikap Inteléktual
 2C : Aspék Émosi
 2D : Aspék Informasi Faktual
 2E : Aspék Moral
 2F : Aspék Ngungkulan Masalah

Dumasar kana wandana, data omongan (002) kaasup kana wanda kedaling informasi faktual, sabab tina maksud jeung eusi omonganna, Padil ngadadarkeun alesan Imas bolay indit dumasar kana fakta nu karandapan.

Tabél 3.5 Papasingan Fungsi Kedaling Pragmatik

No Data	Kalimah	Fungsi Kedaling Pragmatik			
		3A	3B	3C	3D
(002)	“Sumpah, Ep! Moal, moal nyalahan moadél basa éta. Yakin ieu mah harita gé lain ana ngabohong. Tapi Imas bolay indit. Sajungjungeun pisan, geus sayagi jingjingan nanaon. Ngan dadak-dadakan dipiwarang ku Nyaina, nyambungan ka nu hajat”. (BP/1/6/3)	✓			

Keterangan:

- BP : Béntang Pasantrén
 1 : Bagian Novel
 6 : Kaca Novel
 3A : Fungsi Kedaling Pragmatik Komisif
 3B : Fungsi Kedaling Pragmatik Impositif
 3C : Fungsi Kedaling Pragmatik Ekspresif
 3D : Fungsi Kedaling Pragmatik Asertif

Dumasar fungsina, omongan (002) kaasup kana fungsi komisif ngajangjikeun. Dina data omongan (002) Padil ngajangjikeun ka Aép yén ayeuna mah moal nyalah model basa éta, nu miboga ma’na ngajangjikeun hiji hal.

3.5 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Sundusiah (2010) téknik ngolah atawa analisis data kualitatif nyaéta prosés panalungtikan nu sifatna sistematis, sabab dimimitian ku cara ngumpulkeun data, milih data, nyieun papasingan data, ngabandingkeun,

ngahijikeun, jeung nafsirkeun data. Ari nurutkeun Sugiyono (dina Zaim, 2014), téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah stratégiis dina panalungtikan, sabab tujuan tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data.

Téknik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik *immediate constituent analysis* atawa analisis unsur langsung. Ari unsur-unsur basa nu dianalisisna, nyaéta wujud, wanda, jeung fungsi kedaling pragmatik. Léngkah-léngkah dina ngolah data dilaksanakeun saperti ieu di handap.

- a. mariksa deui data nu geus dikumpulkeun, nu mangrupa data omongan nu geus dikumpulkeun tina novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.;
- b. nyieun papasingan data kedaling pragmatik dumasar kana wujud, wanda, jeung fungsina;
- c. nganalisis jeung ngadéskripsikeun hasil tina analisis data kedaling pragmatik nu geus kapanggih dumasar kana wujud, wanda, jeung fungsina;
- d. napsirkeun kedaling pragmatik dina novel *Béntang Pasantrén* karya Usép Romli H.M.;
- e. nyieun kacindekan tina hasil data nu geus dianalisis.